**दिन–गुरूवार** **दिनांक–13.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वक्फ संशोधन विधेयक– दू हजार चौबीस पर संसदक संयुक्त समितिक रिपोर्ट आइ राज्यसभा आ लोकसभा मे पेश कयल गेल। आइ जखन राज्यसभाक बैसक शुरू भेल तऽ भाजपा सांसद डॉक्टर मेधा विश्राम कुलकर्णी रिपोर्टक एक प्रति राज्यसभा मे रखलीह। रिपोर्ट राखल जयबाक बाद कांग्रेस समेत आन विपक्षी सदस्य लोकनि नारेबाजी शुरू कऽ देलाह। सभापति जगदीप धनखड़ हुनका लोकनि सँ सदनक कार्यवाही चलय देबाक आग्रह कयलाह, लेकिन हंगामा चलैत रहल। सभापति विरोध कऽ रहल सदस्य लोकनि कँ कार्रवाईक चेतावनी देलनि। बाद मे सभापति सदनक कार्यवाही दुपहर दू बजे धरिक लेल स्थगित कऽ देलाह। एम्हर, लोकसभा मे जे.पी.सी अध्यक्ष जगदंबिका पाल रिपोर्ट सदन पटल पर रखलाह। रिपोर्ट पेश करिते विपक्षी सदस्य लोकनि हंगामा शुरू कऽ देलाह। विपक्षी सदस्य लोकनि अपन आपत्ति के शामिल नहि करबाक आरोप लगबैत एकरा लोकतांत्रिक प्रक्रियाक उल्लंघन जनौलाह।

---

वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन आइ लोकसभा मे नव आयकर विधेयक–दू हजार पचीस पेश कयलीह। एकर बाद लोकसभाक कार्यवाही दस मार्च धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे गया जिला मे एक हजार चारि सय सैंतीस करोड़ टाकाक कतेको विकास परियोजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास

कयलनि। मुख्यमंत्री जिला मे चलि रहल विकास काजक समीक्षा सेहो कयलनि। ओ कतेको विभाग द्वारा लगायल गेल स्टॉलक निरीक्षण कयलनि आ जीविका दीदी तथा स्थानीय लोकसभक संग संवाद कयलनि।

———————————————————————

नगर विकास आ आवास विभागक मंत्री नितिन नवीन आइ जमुई मे राष्ट्रीय स्वच्छ गंगा मिशन परियोजनाक अंतर्गत प्रस्तावित सीवरेज ट्रीटमेंट प्लांटक निर्माण काजक आधारशिला रखलनि। एहि अवसर पर स्थानीय विधायक श्रेयसी सिंह सेहो उपस्थित छलीह।

———————————————————————

नीति आयोगक आकांक्षी जिला कार्यक्रमक लेल नवंबर महीनाक डेल्टा रैंकिंग मे औरंगाबाद जिला के देशभरि मे पहिल स्थान प्राप्त भेल अछि। जिलाधिकारी श्रीकांत शास्त्री जनौलनि जे एहि के तहत जिला के दस करोड़ टाका अतिरिक्त देल जायत। ई राशि कतेको विकास काज सभ मे खर्च कयल जायत।

———————————————————————

आइ विश्व रेडियो दिवस अछि। दुनियाभरि मे लोकसभ कैँ रेडियोक महत्ता के बारे मे जागरूक करबाक उद्देश्य सँ ई दिवस मनाओल जायत अछि। बरख दू हजार बारह मे संयुक्त राष्ट महासभा एहि दिवस के अंतर्राष्ट्रीय दिवस के रूप मे मान्यता देने छल। रेडियो प्रसारण संपूर्ण विश्व के लोक कैँ जोड़ैत अछि। एहि बरख विश्व रेडियो दिवसक थीम अछि–**"रेडियो और जलवायु परिवर्तन"**। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर लोकसभ कैँ शुभकामना देलनि। सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री कहलनि जे समाचार आ संस्कृति सँ लऽकऽ संगीत आ कहानी कहय तक, रेडियो एक सशक्त माध्यम अछि। प्रसार भारतीक अध्यक्ष नवनीत सहगल कहलनि जे बहुजन हिताय बहुजन सुखाय के आदर्श वाक्यक संग रेडियो

आइयो जन जागरणक एक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। आकाशवाणीक महानिदेशक डॉक्टर प्रज्ञा पालीबाल गौड़ कहलनि जे रेडियो मनोरंजनक संग–संग सीखबाक सभ सँ नीक माध्यम अछि।

---

आइ शब–ए–बरात अछि। इस्लामीक कैलेंडरक आठम महीना शाबानक पन्द्रह तारीख के शब–ए–बरात मनाओल जायत अछि। एहि अवसर पर लोक विशेष इबादत करैत अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ कँ बधाइ आ शुभकामना देलनि अछि।

---

पछिया हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक मौसम मे एक बेर फेर बदलि भेल अछि। औसत न्यूनतम तापमान मे गिरावट अयला सँ ठंढ मे बढ़ोतरी भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलनि अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान राज्यक बेसि भाग मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के आओर गिरावट आबि सकैत अछि। ओतहि, अधिकतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एम्हर, आइ दस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग सीतामढ़ीक पुपरी प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान सोलह दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

---

थाईलैंड मे आयोजित एशियन रोड एंड पैरा साइकलिंग प्रतियोगिता मे दरभंगाक मोहम्मद जलालुद्दीन अंसारी कांस्य पदक जीतलनि अछि।

---

किशनगंज जिला कोचाधामन थाना क्षेत्रक चरघरिया चेक पोस्ट पर पुलिस तीन गोट ट्रक सँ एक सय चारि मवेशी बरामद कयलक अछि।

---

समाप्त